

AVI POUTÈT OU PA ANREJISTRE PWOPRIYETE OU

Chè Mèt Pwopriyete:

Pwopriyete ki endike anwo a toujou pa anrejistre kòrèkteman avèk Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development) pou peryòd 1ye septanm 2015 jiska 31 out 2016. Nou te bay yon avi Lòd pou enfòmasyon pou pwopriyete sa a. Vyolasyon egzijans pou anrejistre a ka lakòz yon sanksyon sivil \$250-500 dola, epi se Tribinal ki Okipe Afè Lojman ki ka enpoze sanksyon sa a poutèt ou pa anrejistre pwopriyete a.

Ou dwe depoze yon Deklarasyon Anrejistremman Pwopriyete chak ane pou:

- **Tout pwopriyete rezidansyèl ki gen 3 inite oswa plis. Menmsi pwopriyete a ap viv nan pwopriyete a, pa gen lokatè, oswa pwopriyete a se yon kondominyòm oswa yon koperativ, pwopriyete sa yo gen obligasyon pou anrejistre.**
- Pwopriyete kote Sètifika Okipasyon endike bilding nan se yon kay pou yon fanmi ak kay pou de (2) fanmi si ni pwopriyete a ni nenpòt manm fanmi ap viv nan kay la. **Si ou itilize bilding nan kòm yon kay pou yon fanmi men konfigirasyon legal la prevwa twa (3) oswa plis apatman, bilding nan DWE anrejistre.**

Anrejistremman Valab Pwopriyete a egzije: 1) peman \$13 dola chak ane ba Depatman Finans (Department of Finance) epi 2) soumisyon yon Fòm Anrejistremman Pwopriyete ki ranpli kòrèkteman ba HPD.

Anrejistremman pwopriyete avèk HPD obligatwa anba Kòd Antretyen Lojman Vil New York. Anrejistremman an bay pwopriyete yo yon okazyon pou HPD kontakte yo pou fè yo konnen nenpòt vyolasyon ak ijans nan pwopriyete a. Avi bonè a ap pèmèt yon pwopriyete fè reparasyon ki nesèsè yo epi evite pwoblèm ak depans pou fèm ak fè HPD fè reparasyon annijans. Anpil lòt ajans vil la itilize Anrejistremman HPD tou pou yo jwenn enfòmasyon kontak sizoka gen yon ijans, epi pandan evènman annijans nan vil la, Minisipalite Vil la ka itilize enfòmasyon kontak ki nan dosye pou bay enfòmasyon enpòtan oswa asistans.

Ou gen obligasyon pou anrejistre chak ane ant 21 me ak 1ye septanm chak ane oswa nenpòt moman pandan enfòmasyon sou anrejistremman an chanje

Ou ka jwenn fòm anrejistremman yo sou sitwèb HPD (www.nyc.gov/hpd) avèk Sistèm Anrejistremman Pwopriyete sou Entènèt (Property Registration Online System, PROS). Fòm anrejistremman yo disponib tou nan chak biwo Aplikasyon Kòd Minisipalite (Borough Code Enforcement), oswa ou kapab kontakte Inite Èd Anrejistremman nou (Registration Assistance Unit, RAU) nan nimewo (212) 863-7000 oswa nan imèl register@hpd.nyc.gov. RAU nan adrès 100 Gold Street, Manhattan.

Si ou gen sikonstans espesyal epi si ou bezwen konsèy, revize Kesyon Moun Poze Souvan nou yo oswa kontakte RAU dirèkteman. Mèsi pou atansyon imedyat ou bay pou afè sa a.